

## Chapter Audio Summary for McDougal Littell Algebra 2

### Chapit 11 Sekans ak Seri

Nan Chapit 11, ou te aprann itilize ak ekri sekans aritmetik ak sekans jewometrik ansanm ak tout règ yo. Ou te fè chema ak klasifye sekans tou. Answit, ou te ekri règ sou tèm nyèm yo. Ou te itilize notasyon totalizasyon pou ekri yon seri epi w te jwenn sòm total twa kalite seri. Pou fini chapit la, ou te ekri règ repetitif pou sekans aritmetik ak jewometrik yo.

*Ale nan Chapit Revizyon leson pa leson an ki kòmanse nan p. 692 nan liv la.*

#### Leson 11.1 Yon Entwodiksyon nan Sekans ak Seri

Mo ki enpòtan pou konnen yo se: *tèm yon sekans, sekans, sekans fini, sekans enfini, notasyon totalizasyon, ak notasyon sigma.*

Premye objektif Leson 11.1 se pou itilize ak ekri sekans. Pou jwenn kat premye tèm sekans  $a_n = 3n - 7$  la, kòmanse pa ranplase  $n$  pa 1 pou jwenn premye tèm nan,  $-4$ . Answit, ranplase  $n$  pa 2 pou jwenn dezyèm tèm nan,  $-1$ . Lèfini, ranplase  $n$  pa 3 pou jwenn twazyèm tèm nan,  $2$ . Anfen, ranplase  $n$  pa 4 pou jwenn katriyèm tèm nan,  $5$ . Ou ka kontinye pwosede sa a pou nenpòt valè  $n$ . Kifè, sekans  $a_n = 3n - 7$  defini a se  $-4, -1, 2, 5, \dots$ . Seri ki gen rapò a se sòm total tèm sekans lan. Nan ka sa a seri ki gen rapò a se  $-4 + -1 + 2 + 5 \dots$ .

Sonje byen, si w gen kèk nan premye tèm nan yon sekans sèlman, pa gen okenn règ apa pou nyèm tèm nan.

Dezyèm objektif Leson 11.1 se pou itilize notasyon somè pou ekri seri ak pou jwenn sòm total seri.

***Koulye a eseye, Egzèsis 1 a 14. Si w bezwen èd, ale nan Egzanp ki tou fèt ki nan paj 651 a 654 yo.***

#### Leson 11.2 Sekans ak Seri Aritmetik

Mo ki enpòtan pou konnen yo se: *sekans aritmetik, diferans kòmen, ak seri aritmetik.*

Premye objektif Leson 11.2 se pou ekri règ pou sekans aritmetik ak pou jwenn sòm total seri aritmetik. Sekans,  $4, 7, 10, 13, 16, \dots$  se yon sekans aritmetik paske diferans ant tèm konsekitif yo konstan. Diferans kòmen an se  $3$ , kifè,  $d = 3$ . Yon règ pou nyèm tèm sekans aritmetik sa a se  $a_n = a_1 + (n - 1)d$ . Si w ranplase  $a_1$  pa  $4$  epi  $d$  pa  $3$ , ou jwenn  $4 + (n - 1)3 = 3n + 1$ . Sòm total 20 premye tèm seri aritmetik sa a se  $S_{20} = 20 \left( \frac{a_1 + a_{20}}{2} \right)$ . Premye tèm nan se  $4$  epi  $20^{\text{yèm}}$  tèm nan se  $61$ . Ou ranplase valè sa yo pou jwenn  $650$  pou sòm total 20 premye tèm seri aritmetik sa a.

## Chapter Audio Summary for McDougal Littell Algebra 2

Dezyèm objektif Leson 11.2 se pou itilize sekans ak seri aritmetik nan pwoblèm lavi reyèl, pa egzanp pou jwenn kantite selil ki nan yon nich myèl.

**Koulye a eseye, Egzèsis 15 a 24. Si w bezwen èd, ale nan Egzanp ki tou fèt ki nan paj 659 a 662 yo.**

### Leson 11.3 Sekans a Seri Jewometrik

Mo ki enpòtan pou konnen yo se: *sekans jewometrik, rapò kòmen, ak seri jewometrik.*

Premye objektif Leson 11.3 se pou ekri règ pou sekans jewometrik ak pou jwenn sòm total seri jewometrik. Sekans 5, 15, 45, 135, 405, ... lan se yon sekans jewometrik paske rapò nenpòt tèm ak tèm ki anvan an se yon rapò konstan ki 3. Yon règ pou nyèm tèm sekans jewometrik sa a se  $a_n = a_1 r^{n-1} = 5(3)^{n-1}$  kote premye tèm nan  $a_1$ , se 5 epi  $r = 3$ . Itilize règ pou sòm total yon seri jewometrik fini pou jwenn sòm total 8 premye tèm seri jewometrik sa a.  $S_8 = a_1 \left( \frac{1-r^8}{1-r} \right) = 16,400$ .

Sonje byen rapò kòmen an se kosyan  $\frac{a_{n+1}}{a_n}$ .

Dezyèm objektif Leson 11.3 se pou itilize sekans ak seri jewometrik pou fè modèl kantite lavi reyèl, pa egzanp bil chak mwa pou sèvis telefòn selilè.

**Koulye a eseye, Egzèsis 25 a 34. Si w bezwen èd, ale nan Egzanp ki tou fèt ki nan paj 666 a 669 yo.**

### Leson 11.4 Seri Jewometrik Enfini

Premye objektif Leson 11.4 se pou jwenn sòm total seri jewometrik enfini. Ou ka jwenn sòm total la pou premye seri a paske  $\left| \frac{3}{5} \right| < 1$ :  $S = \frac{a_1}{1-r} = \frac{4}{1-\frac{3}{5}} = 10$ . Dezyèm seri jewometrik enfini an pa gen sòm total paske  $|r| = |s| \geq 1$ .

Sonje byen, yon seri ki gen anpil tèm alenfini ka gen yon sòm total fini.

Dezyèm objektif Leson 11.4 se pou itilize seri jewometrik enfini kòm modèl pou sitiasyon lavi reyèl, pa egzanp ki distans yon boul kap rebondi fè.

**Koulye a eseye, Egzèsis 35 a 50. Si w bezwen èd, ale nan Egzanp ki tou fèt ki nan paj 676 ak 677 yo.**

## Chapter Audio Summary for McDougal Littell *Algebra 2*

### Leson 11.5 Règ pou Sekans Repetitif

Mo ki enpòtan pou konnen yo se: *règ eksplisit, règ repetitif ak faktoryèl.*

Premye objektif Leson 11.5 se pou evalye ak ekri règ repetitif pou sekans. Pou jwenn senk premye tèm règ repetitif  $a_1 = 3$ ,  $a_n = a_{n-1} + n + 6$  defini a, kòmanse ekri premye tèm nan,  $a_1 = 3$ . Pou jwenn dezyèm tèm nan, ranplase  $n$  pa 2. Remake ou ka itilize valè premye tèm nan pou jwenn dezyèm tèm nan. Twazyèm tèm nan itilize valè ou jwenn pou dezyèm tèm nan.

Remake kouman yon règ repetitif diferan de yon règ eksplisit. Yon règ eksplisit bay yon ekspresyon pou *nyèm* tèm nan sou fòm yon fonksyon  $n$ . Yon règ repetitif bay valè pou youn oswa plis tèm ki okòmansman epi yon ekspresyon pou *nyèm* tèm nan sou fòm youn oswa plis tèm ki vini anvan.

Dezyèm objektif Leson 11.5 se pou itilize règ repetitif pou rezoud pwoblèm lavi reyèl, pa egzanj pou jwenn kantite pwason ki nan yon lak.

***Koulye a eseye, Egzèsis 51 a 60. Si w bezwen èd, ale nan Egzanp ki tou fèt ki nan paj 681 a 683 yo.***